# БЛЫН ЩХЪУАНТІЭМ ТЕТ ТХЫГЪЭХЭР

## СУРЭТЫПХЪЭУ

Маргъущ Везир

**Шапсыгъри,**
**Къабэрдейри,**
**Беслэнейри**
**адрейхэри**
**Iэпхъуамбэщ.**
**"Адыгэр" IэштIым**
**уэзгъэщI гущи**
**ЧЕРКЕСри IэштIымщ.**



Батэ зыгъэшым ишыр щIэпхъуэкъыми
Зишыр батэм щхьэ егъабатэ къудейр.

Быгъэпэжын ухуеймэ уи пэжыр быгъэ"пэ"жын хуейщ... Уэракъым ипэ итын хуейри пэжращ зыкIэлъыкуапхъэр...

Маргъущ Везир 20.02.2015 00:09




Бзэр гъуазэщи
Фщыгъуазэ уэ маржэ!
Ар гум и нэхущи
Ди Iуэхущхьэрщ уэ маржэ!

Маргъущ Везир
14.03.2015
23:33

**МыдаIуэр хьэрылъхущи ищIэурэ и лъэпкъ епцIэкIижыр нэхъыкIэжщ.**

**Гурыгъэlуапхъэр ягурыдгъэlуэнущ,**
**Зэхэхыпхъэр зэхадгъэхынущ,**
**Щlэн хуей псор утыку къитлъхьэнущ**
**Мыхэр тщlа нэужь**
**зислъэФыхьыу икlуэтижхэм,**
**Лъэпкъ lуэхур зыФlэмlуэхухэм**
**щысх яхудиlэнукъым...**

**Маргъущ Везир**
**25.01.2015**
**00:48**

**Адыгэм хузэIухащ дигуми ди Iуэхуыгъуэми ябжэр дэмэдазэуи къыщIырехьэхэ, къырреблагъэхэ.**
**Адыгам бжэр хуэдгъэбыдащ къыщIэмхьэФыну зыкIэй.**
**Адыгам сыт бжэр щIыхуэгъэбыдар жыФIэмэ: Ахэр "ХьэмлащкIуэ къызэрыкI IупщIэ хуещIиж." жыхуаIэм зэр хуэдэхэм щхьэщи зы Iуэху яхуыдиIэжкъым. "Ди Iуэху я бэлагъ къыхырамылъхьэж."**
**Зи гур Адыгэм щхьэ къилъэтыу и бзэмрэ и лъэпкъымрэ зылъыхъуэжхэри дэ къытщыщщи ахэри къыщIыррехьэ бжэмкIэ. ХуэФащэр къэщтэжа нэужь ахэри дипкъым щыщщи къытхэгъуэщэжынухэщ.**

**Маргъущ Везир**
**24.01.2014**
**20:49**

Уи гум зыздимгъэзам уищхьэм зигъазэкъым.
Абы щхьэ ипэ цIыхухэм ягухэр хэкумкIэ къегъэзэн хуейщ. Абы нэужь хэкумкIэ къэгъэза гухэм къыкIэлъыкIуэ щхьэхэр дыхурикъунщ...
Хэкур зэрмышыпсэу узынэIусыФ зэр зыгуэрэр цIыхухэм ядгъэлъагъуу пщIыхьэпIэм къыхэгъэушыкIынхэ хуейхэщ.
Апщыгъуэращ гухэм къыщагъазэнури.
Апщыгъуэращ гум цIыхухэр щыдэгъуэгурыкIуэнури.

MB

Хэхэс ди лъэпкъуэгъухэ,
Дыгъуэйым къикI щыIэкъым. фэ зытедгъэуэжын хуейщ.
Аращи дэнэ дыщылажьэми сыт тщэми Адыгэм хуэФащэу дакъыхэщын хуейщ. СыткIи псом япэ дищижын хуейщ. ТIанэйи мыпхуэдэурэ къэрур сыткIи дыздыхуейм едгъэзэкIыФ тхъун хуейщ, къэрур Адыгэ Iуэхум хуэдгъазэу абы тедгъэкуэдэн хуейщ.

Маргъущ Везир
23.01.2015
14:45

*ДызэргъэIущын хуейщ Адыгэр*
*Пэжымрэ щIэныгъэмрэкIэ...*
*Iущыгъэр гъащIэ тщIын хуейщ,*
*IущыгъэкIэ здыушиижын хуейщ.*
*Зытшийын хуейщ пщэдейми,*
*Пщэдейр зидгъэIэн хуейщ.*
*ЖадгъэIэн хуэйщ ди цIэр*
*ЛэжьакIуэныгъэрэ, цIыхугъэрэкIэ.*
*ГъащIэм Фэ зэр трагъауэр*
*Iщыгъэрэ пщIэнтIэпсымращи, ды*
*Iущыу дыпщIантIэ тхъуижсын*
*хуейщ. НахъкIэ Фэ дытемытыу*
*икIи Фэ къыдамыплъыу*
*дыкIуэдижинущ.*

*Маргъущ Вэзир 26.01.2015 15:55*



**Дыгъэр къыщепскIэ,**
**Ухакъым гугъэр.**
**Майым и 21ым**
**дызэрыбйырылъэъами**
**Дигухэм гугъэм и нэхур**
**илъщи нэхум**
**тщызэргъуэтижынущ.**





***НЭПСЕЙ***

***ЗэплъэФалIэм уэ дэхагъэр***
***ЗолымпIэри пФIогъуижыр,***
***Мэлъэлъэжыр куэд имыкIуу.***
***Ирехьэжьэр жьыбгъэм тIанэ***
***ямцIыхуижым щокIуэдижыри,***
***Нэпсейагъэм докIуэдижыр.***

***Маргъущ Везир***
***26.01.2015***
***18:59***

ЛъапIэр зыгъэпыудыну яужь итхэм Фигу евмыгъабгъэ, ахэм Фэри езым хуэдэу Фызэралъагъум щхьэщ апхуэдэу щIащIэр. фызхуагъадэу, ящхьэм хуагъэФащэр къыФхуагъэФэщэжыу аращ Iуэхур зытетыр :)

Маргъущ Везир
18.03.2015
15,04

ЦIыхум къыдэмыбзэж Iэпкъ лъэпкъ къудамэр зэрпаупщIу зэрхыФIадзэм хуэдэу лъэпкъым къыдэмыбзэж икIи къемзэгъиж цIыхури зыщхьэщыгъэкIыу хыФIэдзэнри ди хабзэм щыщщ.

**Уэ зищхьэ щытхъуиж Адыгэ тхьэмыщкIэжь,**
Узыхэтымрэ узыхэсымрэ уакъыщыхэмщижкIэ а узыхэтымрэ узыхэсымрэ уащыщщ. Узэр Адыгэри шыпсэ къудейщ.





Обращение к русскому народу и руководителям страны,
Начинать войну из-за гнева и в ярости плохо. От этого происходят такие разрушения, которые никого не минуют. Но мы, желая принести только хорошее обеим сторонам, обращаемся к вам: делая вид, что нас нет, мешая нашей работе, не выполняя свои обязанности, с новыми взрывами ярости и гнева, вы завтра соберете наши новые несуществующие прегрешения, и ввергнете нас и себя в опустошительную войну. Если сегодня вы делаете положение безвыходным, завтра нас всех погребет то, что последует за вашим бездумным гневом.

Маргуша Везира

черкесский диаспора





**Укъэплъыным Iуэху зэФIигъэкIкъым. ЕплъыкIэ хуэФащэкIэ уи Iуэху уеплъын хуейщ.**

**Маргъущ Везир**

**Уэ къыуэлар жылэм къебгъэлижурэ пщӀэмкӀэ лъэпкъыр зыми къебгъэлыФынкъым.
Лэпкъ Ӏуэхум уи Фэри уилри хэплъхьэнущ уи гур ядыщӀыгъуу.
Къела нелар зи Фащэм хуэФащэ щыӀэжкъым.
Абы и гур иФыкӀащ.**

**Маргъущ Везир**

Дыпсалъэ къудеурэ, зыр зыр дыгъэгушхуэурэ икӀи зщӀыпӀи дынэсыФакъым нобэ къэс, икӀи хуабжьыу дыӀуэщхъуащ. Адыгэ гъащӀэм теухуа Ӏуэхухэр Ӏэпэдэгъэлэл зэрытщӀам щхьэ дэри гъащӀэм Ӏэпэдэгъэлэл дыкъищӀащ.

Маргъущ Везир

У1ущмэщ ущылъэщыр.



ЩхьэкӀуэ зимиӀэм и щыгъуэм къикӀ щыӀэкъым.

Лъэпкъыр зыгъасэри, пщэдейм нэсхьэсыри бзылъхугъэращ. Абы щхьэ бзылъхугъэр нобэ дызхэтыр фык1э зэгъэк1уэк1ыным и къэру нахъыщхьэщ. Мыбы щхьэ адыгэ 1уэхум ахэр гук1э хэтшэнхэ хуейхэщ.



Урыс лъэпкъымрэ ахэм я тхьэмадэхэмрэс зыхуэгъэзар мы псалъэр,
Губжьыныгъэхэр зэхэплъхьэу абы емынэ къигъэкIыныр нахъ гугъуэхьыншэщ.
Губжьыныгъэм зэтекъутэ къигъэкIыныр тыншщи зыгуэрурэ къыбнэмсыну амал иIэкъым.
Ауэ дэ лъэныкъуитIыр дызэзгъэФIыу зэФIыныгъэ къытхуэсхьын Iуэхугъуэхэр дыгъэзэщIэну утыку дыкъихьащ. Дэ дывмылъагъу зыФщIмэ, ди Iуэхум Фыкъыпэрыуэмэ, къыФлъысыр ФымгъэзащIэмэ пщэдей утыку къихъуэну губжьыныгъэхэр зыгуэрэхэм зэхуахьэсынурэ Фэри дэри зэтекъутэ къытхуахьынущ.
Нобэ зэФIыныгъэр хэкIыпIэншэ ФыщIым пщэдей губжьыныгъэм къыпыкIыну щытым дыщIигъэнэнущ.

Маргъущ Везир

Адыгэ хэхэс гупщысэ





Аращэрэт...

Мыращэрэт...

Зэйы,

Си гур загъащэрэт....

M.V.

Бзэ хьэхукlэ

нэху хъунукъым

ди пщэдейр.

М.В.

# ГУПIКIЭ

Къопкl загъурэ
Дэмэпсым етхьэлэ выр.
Гум куэд илъщи
Къегъэпкlри щlекъуузэ
выпщэр...
Гур си гу(ы)ращ
Выр си щхьэращ...
Гъащlэ гъуэгури
Къэшэ нашэщ...
Сыроклуэ
Си гур мэкlыгъ.

Маргъущ Везир
21.03.2017
20:44

**Маргъущ Везир**

СЫЗКЪУЗЫР
Псалъэр псэр
Зэралъхьэрщ ауэ,
Ихуэкъыми зэрыслъхьэм
Мы си псэр лъэншэщ.
Хамэ бзитIым
Я псалъэ аджэм
Къыщхьэдож си псэр
Ярыхуэркъым зи.
Йокъузыхь си псэр
ЙобэмпIыхь абы
ИIуатэкъым си бзэм
СыIуатэркъым зи.

Маргъущ Везир
27.03.17
22:32

Маргъущ Везир

Псалъэ гъущэкIэ дызгъэlущу езыр адыгэ lуэхум и гъуэгум щыгъуэща куэдщ...



Köklerin bir kez bırakmışsa toprağı, rüzgarda savrulmak kaçınılmaz. :(
"Wey, wey Adıge"den " Vah zavallı Çerkesler"e savrulduk. :(
İngiliz, İstanbul ajanları önce yüreğimizin, sonra bedenimizin köklerini kopardı vatandan. 2 milyondan fazla beden rüzgarın insafına terketti kaderini. :(
Belki de yeryüzünde bir halka uygulanan ilk toplu hipnozdu bu...
:(
100 bin kişilik orduya dayanma azmini yitirdi 100 yıl mücadele eden halk. :(

Л1эмэ нэрыбгэ нэрыбгэу хьэдэ1ус зыхуаугуэшыну щыта ди л1эпкъыр хьэдэуэ 1ус яхуэхъуащ хьэк1э кхъуэк1эмрэ бдзэжьеймрэ. Из ныкъуэри хьэдэ жадэу зэрахуэу къытенащ атк1э мытк1эм. Уей уей Адыгэ жезгъэ1ахэм Уей Черкес Тхьэмыщк1э жыра1ащ...Илъэсищэм щ1игъу лъэхъанк1э зызхъумэжыфа ц1ыхухэм ипэ игум и лъапсэр, т1ани и лъэм и лъарсэр хэкум щагъэури мэлуанитым щ1ыгъу ц1ыхур жьыбгъэ к1эрахъуэм хадзащ истанбылымрэ инджылизымрэ я л1ыкуэ щхьэ гъэудэрэщхъуак1уэхэм.
Зигури зи лъэри хэкум памытхъахэращ лъапсэ зыдзу жыг хъуижыфынур. Дэ хэхэсыу жьыбгъэм къы1эщ1эк1ыф къытхэк1ми ахэращ лъапсэ зыдзижынур зыуи.



Уи жьэмкIэ бгъэхъэм щ1агъэ щхьэпэ пылъкъым, уи 1эмк1э быгъэхъейынращ щIагъэ щхьэпэр.



Хэкур дыIэщIатхъами, гъащ1эм дырихужьами дымгужьейуэ тхущ1экъумэ пщэдейм уэху жыт1энущ.

М.В.

А зи псэк1э Хэкум и лъапсэр зыхъумэ ди адэжь анэжьхэм я псалъэр зэхэзыхращ Адыгэ 1уэхур зэхэсжижынухэр.

М. В.

Дунейм пэувыфын гу зык1уэц1ылъ Адыгэм, къыпыщ1элъ езбы и 1уэхур зеримгъэзащ1эр сытк1э къыбгуры1уэн!!!

М.В.

НАПЭ

Узыхэхьэм закъыхэумгъэщ
Жэlэ Адыгэ псалъэжьым.
Дызыхэсым захэдгъэгъуащэурэ
Дыхъуащ ахэм дакъыхэмыщ.
Задгъэщхьурэ дыщыгъупщащ,
Дызыlисыр дыгъэкlуэдащ.
Дыlэщlэхуащ дэ ди хабзэр
Зыдущэхуащ, ди фэр пихуащ...
Узыхэхьэтым узхимыщlэм
Уахэмгъуащэ закъыхэгъэщ
Умыпlэнкlыу зыкъэlэти
Узыlисыр ипэ игъэщ!
У Адыгэщ умыгъуащэ
Уахэмгъуащэ уищхьэр къэlэт
Адыгагъэр уи нып лъапlэщ
Уи напэщ ар лъагэу къэlэт!

17.05.2017
Маргъущ Везир
21:48

Адыгэ Iуэхур Iуэху IэнатIэ Iэнатэу зэщхъэщыхыу елэжьын хуейщ:
ТхакIуэмрэ усакIуэмрэ лъэпкъым и щIэныгъэр хагъэхъуэн,
Бизнэс цIыхухэм Хэкумрэ Хэхэсымрэ зэпызыщIэ Iуэху IэнатIэхэр къызэIахын,
Бзылъхугъэм щIэблэр Адыгэ гупщысэкIэ игъэсэн,
IэщIагъэ зиIэм Адыгафэ тригъэуэурэ цIыхум я пащхъэ ирилъхъэн,
Псэури Адыгэ Iуэху   езхъэжьам гъуэмылэрэ пщIэнтIэпсрэкIэ зыщIагъэкъуэн,
Псэури дызэкъуэту IэштIым закъуэ тхъун тхуейщ.





Лъэпкъ 1уэхумк1э унэфрэ удэгумэ; нэфым хуэдэу узэрашэри, дэгум хуэдэу сытри къыпхужа1э. Пхуэшэчмэ мыр, шэчыншэу у напэншэщ!

Зы гуэрэм гурыIуэныр гугъущ сэркIэ...
Ипэ Iуэнущ (псалъэнущ) узыгурыIуэну цIыхур,



ТIанэ абы и Iуэр (къипсэлъыр) уи гум иIуэнурэ ар гум зэхихинущ фIзыхэмзэрыхьу,
НтIани (итIани) уи гур абы дэжьууижынурэ а Iуэ макъыр зэгъусу быгъэIуижынущ.



En öncelikli hedefimiz, halkımızın bilinçlenmesi ve bilinçli birliktelikle geleceğine sahip çıkmasıdır... Destek ol!!!
Ди епэрей Iуэхугъуэу тлъытэр, ди лъэпкъыр къэгъэунэхуу пэжыгъэкIэ и къэкIуэным и унафэр езбы къегъэщтэнращ... ИIэ, фи гуащIэ къыхэфлъхьэ!!!

## ТЩIЭН ХУЕЙР, АМАЛЫНШЭУ

Гур гум гуэлъхьэу
Гъэщlэр къэгъэхуэбэн хуейщ
Макъым макъ хэлъхьэу
Зэщlэдгъэlэн хуейщ жылэр
Къэрум Къэру пытлъхьэу
ЗэФlэтхын хуейщ ди lуэхур
Гухэр щlыlэм ес нобэ
Тхьэкlумэ дэгъэлэлщ ди пэжыр
ЗэФlэнащ адыгэ гъащlэр

Зы имыщӀэ/имлэжь щхьэ псэури зыщӀэ Адыгэ напцӀэм Тхьэм тщихъумэ.
Тхьэм зигу къэбзэхэм ӀэщӀилъхьэж къэрури, Адыгэ лъэпкъыр иреунэж.

Tha bizi özünü eylemeyen bilmişlerden korusun, sözü özü bir olanla yürütsün bizi ve kudreti onlara bahşetsin.

Маргъущ Везир






НАПЭ

Узыхэхьэм закъыхэумгъэщ
ЖэIэ Адыгэ псалъэжьым.
Дызыхэсым захэдгъэгъуащэурэ
Дыхъуащ ахэм дакъыхэмыщ.
Задгъэщхьурэ дыщыгъупщащ,
ДызыIисыр дыгъэкIуэдащ.
ДыIэщIэхуащ дэ ди хабзэр
Зыдущэхуащ, ди фэр пихуащ...
Узыхэхьэм узхимыщIэм
Уахэмгъуащэ закъыхэгъэщ
УмыпIэнкIыу зыкъэIэти
УзыIисыр ипэ игъэщ!
У Адыгэщ умыгъуащэ
Уахэмгъуащэ уищхьэр къэIэт
Адыгагъэр уи нып лъапIэщ
Уи напэщ ар лъагэу къэIэт!

17.05.2017
Маргъущ Везир
21:48

ІУЛЭ

Псалъэр къызІурылэлу

Зи Іуэхур Іэпэдэгъэлэл!

…

КъыФІомгъэкІ!

У ахъшэшхщи

Уожьэгъуэшхэж.

26.08.2015

01:31

2021 илэсым РФм и дэтхэнэ щIыпIэми щыпсэу Адыгэм ЧЕРКЕСу зырегъэтх. ЗэкIэрача ди лъэпкъыр ЧЕРКЕС цIэмкIэ политикакIэ лъэщ зэрхъуижыну гъуэгур мыращ. Ди цIэри, ди ныпри зыщ. Дунейм ткъызэращIэр ЧЕРКЕСщ. Ди Хэкур дунейм къызэращIэ и цIэри ЧЕРКЕСИЯщ. Дунейм тет Адыгэу хъуари ЧЭРКЕС цIэм и къэрумкIэ икIи нэхъ тыншу зрагъэлъытэнущ, икIи нэхъ тыншу къызэфIэувэжынущ. ПолитикакIэ лъэщ дызщIыну къэрущ ЧЕРКЕСРИ, ЧЕРКЕСИЯРИ.
















# ЧЕРКЕС ЧЕРКЕСИЯ

Уи цIэр ЧЕРКЕСщ, уиблэкIар Черкесиящ.
Уи цIэмрэ уи блэкIамрэ шыпсэкъым!
ШыпсэкIэ узгъэжейхэр уи жэгъуэгъущ!
ФитхэкIумэм къиIущащэхэм фамыдэIу,
Дызыпылъыр зауэрэ банэрэкъым!
Уи цIэр къэрущ уэркIэи,
ЧЕРКЕСу утыку къихьэж!!!






2021м ЧЕРКЕСУ згъэтхиж!

# Ди цIэр ди ныпщ. Дэ ды ЧЕРКЕСЩ.




**ФКЪЫЩІЭУВЭЖ ДИ ЦІЭМ!!!!!!!**

***Адыгэ, Шапсыгъ, Абазэхэ,***
***Къабэрдей, Хьэтыкъуей,***
***КIэмыргуей....***

**Псэури зыщыщыр "Черкесия"къэ!!!**






**ЧЕРКЕСИЯ**

**"ЧЕРКЕС" цIэр ныпым хуэдэщ.**
**Ныпым ущIэтмэ улъэщщи,**
**ИIэ фкъыщIэувэж!**




**2021м ЧЕРКЕСу згъатхиж!**


ЧЕРКЕС
CIRCASSIAN
Ды Черкесщ,
Черкесия дырибынщ.

Обращение к русскому народу и руководителям страны,
Начинать войну из-за гнева и в ярости плохо. От этого происходят такие разрушения, которые никого не минуют. Но мы, желая принести только хорошее обеим сторонам, обращаемся к вам: делая вид, что нас нет, мешая нашей работе, не выполняя свои обязанности, с новыми взрывами ярости и гнева, вы завтра соберете наши новые несуществующие прегрешения, и ввергнете нас и себя в опустошительную войну. Если сегодня вы делаете положение безвыходным, завтра нас всех погребет то, что последует за вашим бездумным гневом.

Маргуша Везира

черкесский диаспора





Ve siz ey Rus Halkı ve idarecileri bilesiniz,
Öfkeleri organize edip onu şiddete dönüştürmek çok kolaydır. Öfkeler kolayca yıkıcı hale getirilebilir ve bir şekilde mutlaka altında bırakır sizi ve bizi.
Ancak biz iyiyi organize edip barış içinde bir geleceği organize etmek üzere yola çıktık. Eğer ki bizi görmezden gelir veya yolumuzdan alıkoymaya çalışırsanız veya üzerinize düşenleri bugün yapmazsanız yarın doğacak öfkeleri birileri mutlaka organize edip size ve bize yıkım yaratacaktır.
Barışı bugün çaresiz bırakırsanız biriken öfke yarın hepimize bedel ödetecek bilesiniz.

Marğuş Vezir

Çerkes Diasporası





Урыс лъэпкъымрэ ахэм я тхьэмадэхэмрэс зыхуэгъэзар мы псалъэр,
Губжьыныгъэхэр зэхэплъхьэу абы емынэ къигъэкIыныр нахъ гугъуэхьыншэщ.
Губжьыныгъэм зэтекъутэ къигъэкIыныр тыншщи зыгуэрурэ къыбнэмсыну амал иIэкъым.
Ауэ дэ лъэныкъуитIыр дызэзгъэФIыу зэФIыныгъэ къытхуэсхьын Iуэхугъуэхэр дыгъэзэщIэну утыку дыкъихьащ. Дэ дывмылъагъу зыФщIмэ, ди Iуэхум Фыкъыпэрыуэмэ, къыФлъысыр ФымгъэзащIэмэ пщэдей утыку къихъуэну губжьыныгъэхэр зыгуэрэхэм зэхуахьэсынурэ Фэри дэри зэтекъутэ къытхуахьынущ.
Нобэ зэФIыныгъэр хэкIыпIэншэ ФыщIым пщэдей губжьыныгъэм къыпыкIыну щытым дыщIигъэнэнущ.

Маргъущ Везир

Адыгэ хэхэс гупщысэ








Çerkes
Circassian
Черкесский
Адыгэ

Çerkes biziz...
Çerkesya vatanımız...
Kimseye gerçeklerimizi gaspettirmeyeceğiz...

Адыгэр дэращ...
Черкесияр дэ ди хэкущ...
ЗымикI дэдейр дэджэгуэн едгъэщIынукъым...






Черкесхэр; лъапсэкIэ икIи
Тыркукъым, икIи Урыскъым
икIи Хьэрыпкхыми я бзэкIэ,
я хабзэкIэ щхьэхуэу щытхэщ,
я хэкур ЧЕРКЕСИЯу дуней
лъэпкъхэм ялъыта, я бзэмкIэ
"АДЫГЭ" цIэкIэ зэджэж зы
лъэпкъ уардэщ.

© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир

Ди Адыгэ Iуэхур Iуэху щхьэхуэщ хамэ дызыхэсым згурамгъаIуэу щыт... Ди Iуэхур щхьэкIуэ хуэдэу фымыбзыщI. ЗыгурызмыгъаIуэм и щхьэ и псэм иривгъакIуэ наIуэ фыщIи... ЗызфыщIижым зырефыщIиж.

© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир

"ЧЕРКЕС" цIэр политику дызыхуейм дынэсхьэсыну дишщи абы фтемтIысхьэ жызыIэр дишкъым. Дэ дызэшэсынумкIэ Адыгэр зыми деупщIижынукъым

© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир

Фызыхэдгъэхьа щхьэ ди унафэр фыIэщIэтлъхьакъым. Ди унафэр зыIэрыфлъхьэ фыфIэфIщ ауэ фыхуиткъым. ЧЕРКЕСри ЧЕРКЕСИЯри дэ Адыгэм дэдейщи и унафэри ткъывэупщIынукъым!!!




© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир

**Адыгэ Iуэху зезыхуэ щыIэщ, зыи емынэм и Iуэху зезыхуэу емынэм зырихуэхэр щыIэщ.**



© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир

## Россияне одобряют ли это?

Мы верим, и мы хотим верить что НЕТ.

Мы должны решить черкесский вопрос мирным путём.



## Этот человек представляет ли Россиянам?

Уеплъмэ Адыгэщ ущӀэдэӀукӀмэ е Кемалистщ, е Тырку фашистщ, е Сосялистщ, е аращ е мыращ... Зы пкъым шэйтӀан дапщэ ивгъахуэрэ!!!

© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир

## ЧЕРКЕСЫР ДИШЩ

Мажэ Адыгэр
Къафкъас къафкъас жаIэурэ
ЯIэкъым зыдынэсын
Хэхэсыр къызэхажыхь...
ЗэIычынухэщ мыпхуэдэкIэ
КIэрымыкIхэм къэжыхьым....
ФыкIэрыкI къафкъас къафкъасым
Фешэс ЧЕРКЕСу дэ ди шым
Адыгэр шыуейщи
Хуэфащэр иш тесижынращ!!!
Фешэс Адыгэ ди шы уардэм,
Гугъэр щыпэжынум фыздыдежьэ
ДыщIэвгъахьэ дыфIадыгъуам
Къэтедывгъэхиж дэдеижыр.
Черкесыр шыщ Черкесияр гугъэ
Адыгагъэр дэ ди дыгъэщ...
Фешэс шыуейхэ мис дэ ди шыр
Дынэсынущ гугъэ нэхум.

Маргъущ Везир
14.12.2019
11:00

© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир

**"Къафкъас"**
**цӀэмкӀэ**
**АДЫГЭ ІУЭХУР**
**Іэпэдэгъэлэл**
**езгъэщІхэм**
**япыщІэувэгъуэщ**
**хэхэсым!!!!**

Ди Іуэху ди бзэкІэ
дыримыпсалъэмэ куэдрэ
дызэфІэнэнущ, куэдрэ
дызэблэпсэлъыкІынущ,
куэдрэ
дызэрыгъэжьыкхъынущ.
ИІэ дымкІуэдыпэу фыкъэуш
Адыгэр!!!
ЧЕРКЕС-ЧЕРКЕСИЯ
Зы бзэ, зы хэку, зы хабзэ!!!!

ТХЬЭ
МАРГЪУЩ
© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир

ЦIыпIынэ Аслъэн жэгъуэгъуу зыльэгъуахэращ дэ ди жэгъуэгъухэр!

Адыгэхэм сыт динымы щIыхьышхуэ хуащIыр. Ауэ диныр зезыхьэ зыфIэщIижхэм язы ныкъуэм къытхуахьыр нэпсрэ гу уфIыцIрэщ. Тхьэм цIыхур къыщигъашIэм пэжымрэ къуаншэмрэ зэрзыхихуфын гу къакIуэцIилъхьащ.
Я пашхьэр зымлъагъуижыф жьэкIэцэжьхэр ди пащхьэракъым зыхуэфащэр..

Кьэуш си лъэпкъ уардэ дызыхуэныкъуэр Адыгагъэращ. Адыгагъэр щыIэмэщ сытри дахэ защIэ щыхъур.

Фи гумкIэ фыплъэ фылъагъунущ.
"Аслъэн" и цIэм хуэфащэу аслъэным хуэдэу Адыгагъэр зэрихьащ.
Тхьэм дей щылъап1эр Аслъэн и лэжьыгъэхэращ, мыр гум ешIэр!!!

Аслъэн ди гум и хьэщIэщым жантIэм дэсщ.
Адыгэм и хьэщIэщым къыщIэбэнэн зи гугъэ бзаджэнаджэхэр бзэджэнаджэщым щIэтхуэжынущ.



Маргъуш Везир
17.01.2011 20:58






"Къафкъас Къафкъас" жызыIэхэм я гугъэр Адыгэр и унэм ирамшэлIэжу щIыбым и уагэм дагъэлIыхьынращ.

© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир

Дищхьэ къырикIуар зэр мыпхуэдэр ину яжеф'Iэ... Зывмущэху!!! Дэ дыщIэ къудейм къикI щыIэкъым. Зывмущэху!!! Бзэуэ хъуамкIи фыIуатэ маржэ!!!!

**Россияне одобряют ли это?**

Мы верим, и мы хотим верить что НЕТ.
Мы должны решить черкесский вопрос мирным путём.



**Этот человек представляет ли Россиянам?**


Ди бзэмкlэ унафэ дымщlижыфын хуэдиз тхэкlуэдакъым. Ди бзэр ди гъуазэщ...
Адыгэ Гъуэгу
ÇERKES
CIRCASSIAN
Черкесский
Адыгэ



Çerkes
Circassian
Черкесский
Адыгэ

# ЧЕРКЕСЫМРЭ ЧЕРКЕСИЯМРЭ ди гъуазэщ. ИIэ Адыгэ, уи пщэдейм щыгъуазэ!!!
















© Mərguş Vezir
© Маргъуш Везир



Псэм лъэ игъуэтмэ ар
псалъэщ,
Лъэ зыгъуэта псалъэ
щыгъуазэри
лъагъуныгъэщ...

© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир

## ЧЕРКЕС, ЧЕРКЕСИЯ ПСАЛЪЭХЭР ЛЪЭЩЩ

"Черкес" цIэр сытхуэдизкIи пэмыщIхэм къытфIаща зы цIэуэ щытми Адыгэ лъэпкъыр къызэращIэ икIи къэралыгъуэ зэрыхъуагхар зыгъэлъагъуэ зы цIэщ. Къэралыгъуэ жыхуаIэр зы лъэпкым жылэ Iуэхур лъэпкъу зэрзыдихьым Iэпкъ лъэпкъ зэригъуэта щIыкIэщ. Къэралыгъуэ жыхуаIэр, зы къэралыгъуэр адрей къэралыгъуэхэм зы лъэпкъым зэр жылэуэ зэрзэгуэту и Iуэхур езбы зэрзыригъэкIуэр ялъытауэ, абы щIыхь зэрхуащIыныгъэращ. Адыгэ лъэпкъыр дуней къэралыгъуэхэм и лъэпкъ къэрур зэралыта псалъэхэр ЧЕРКЕСрэ ЧЕРКЕСИЯ псалъэхэращ. Ди Черкесиям пэмыщI, пэмыщI лъэпкърэ къэралыгъуэхэмрэ я нэхъыбэр езым зыфIащижа цIэрауэ щымыту ахэр лъэпкъыу зылъыта къэралыгъуэм я бзэхэмкIэщ. Адыгэр лъэпкъу зылъытэну дызыхуей зы къэралыгъуэ закъуэми ди АдыгэцIэкIэ дилъытэкъым. Адыгэ фIэщыгъэцIэкIэ уи лъэпкъ къэрур ягъэлъэтэнур тхыдэм зикI ухэмтауэ щIэрыщIэу тхыдэ тхыным хущIэкъуныгъэ пщIыхьщ. Дэ Черкес фIэщыгъэкIэ къыдахахэр ипIэ тщIижын IуэхукIэ ди къэрур хегъащ мыбы. ДибзэкIэ шэч хэмылъу ды Адыгэщ. Адрей къэралыгъуэхэм я пащхьэм къыдахар гурыIуэгъуэ щытщэижым, ипэ щидгъувэжым дей ди лъэпкъ къэрум зэреджахэ ЧЕРКЕСрэ, ЧеркесиямрэкIэ ди Iуэхур нэхъ дэхыгъуафIэ тхуэхъунущ. Абы щхьэ ЧЕРКЕСрэ,ЧЕРКЕСИЯ цIэхэм и къэрур тгъэбзэу, лъэщу къыжытIэн хуейщ.

**Çerkes**
**Circassian**
**Черкесский**
**Адыгэ**







**АдыгэбзэкIэ ды Адыгэщ.**
**ХамэбзэкIэ ды Черкесщ/Çerkesщ/Circassianщ.**

**АдыгэбзэкIэ Адыгэ Хэкущ.**
**ХамэбзэкIэ Черкесиящ/Çerkesiyaщ/Circassiaщ.**
**ХамэбзэкIэ къызэрдэджэм политик къэру бгъэдэлъщ!!!**

И цӀэ зезымыхьэ хэти ищӀэ Ӏуэхуу хъуари пэмыщӀым щхьэщ щӀищӀэри абы я лӀыщэ тхьэмыщкӀэщ.
(Хэхэс Адыгэу "Черкес" жызмыӀэу лъэпкъ Ӏуэху зезыхуэу жызыӀэу зи пэм адыгэ лъэпкъым хуэгъэзау емынэ къызэрыхухэращ мыр зыхуэгъэзар.)
Сыщыуэмэ зыжесӀам сырагъэузэху!!!



АдыгэбзэкӀэ Адыгэ Хэкущ.
ХамэбзэкӀэ Черкесиящ/Çerkesiyaщ/Circassiaщ.
ХамэбзэкӀэ къызэрдэджэм политик къэру бгъэдэлъщ!!!

АдыгэбзэкӀэ ды Адыгэщ.
ХамэбзэкӀэ ды Черкесщ/Çerkesщ/Circassianщ.

**Лъэпкъ Iуэхур хьэхуу яубыдкъым, ар быдэ быдэущ зэрыбубыдын хуейр. Лъэпкъ Iуэхур зэраIохуу ялэжькъым, лъэпкъым и хабзэм тетущ зэрагъэзащIэр.**

Iэщэкъым дэ Адыгэр дызыхуейри, дызэджэри. Дэ дызыхуейр ХУЭФАЩЭращ. Ари дыгъуасэм нэс тхъумам нобэ псэ игъуэтижынращ.






**Уи пэжыр**
**зыпщІыхэумылъхьэм,**
**нахътэ къыпщІыхалъхьэр.**
**Уи пэжыр зыпщІыхэлъхьэ**
**Адыгэ.**
**ЧЕРКЕСымрэ ЧЕРКЕСИЯмрэ**
**зыпщІыхэлъхьэж.**
**Къыпхуилъыр зыфІомгъэщІ.**
**Илъыр пэжым щощынэри**
**аращ. Ауэ пэж зыхэмылъымкІэ**
**пщэдей яухуэркъым.**
**ИІэ си лъэпкъ уардэ!!!**








#перепись2021 #яЧеркесАты? Тэ ты Адыг ! Мы Черкесы ! Biz Çerkesiz ! We are Circassians !

Мы не Кабардинцы ❌
Мы не Адыгейцы ❌
Мы не Шапсуги ❌
Мы ЧЕРКЕСЫ✔

Самоназвание АДЫГЭ !
Иноназвание ЧЕРКЕС !












# Зы Хэку
# Зы Лъэпкъ
# Зы Хабзэ
# Дунейм КъызэращІэу:
# ЧЕРКЕС
# ЧЕРКЕСИЯ



# Черкесия и бынхэу Адыгэ Iуэхум щIэбэнхэмрэ Черкесия и бынхэмрэ Черкесиямрэ ебэнхэмрэ щыIэщ. Банэм тщышынэкъыми ди пщIантIэм дэтхунухэщ.



**Зы Хэку**
**Зы Лъэпкъ**
**Зы Хабзэ**
**Дунейм Къызэращlэу:**
**ЧЕРКЕС**
**ЧЕРКЕСИЯ**

ЧЕРКЕС=АДЫГЭ






"Çerkes Adığe'dir, Çerkesçe Adığabze'dir, Çerkes Vatanı Çerkesya'dır" kayıt altına alınıncaya, kurumlarımız bu temelde yeniden örgütleninceye kadar ısrarla bu gerçekleri dile getirmeliyiz.

HERŞEY ÇERKESYA İÇİN!

**И цlэ зезымыхьэ хэти ищlэ lуэхуу хъуари пэмыщlым щхьэщ щlищlэри абы я лlыщэ тхьэмыщкlэщ.**
**(Хэхэс Адыгэу "Черкес" жызмылэу лъэпкъ lуэху зезыхуэу жызылэу зи пэм адыгэ лъэпкъым хуэгъэзау емынэ къызэрыхухэращ мыр зыхуэгъэзар.)**
**Сыщыуэмэ зыжеслам сырагъэузэху!!!**

ЧЕРКЕС, ЧЕРКЕСИЯ ПСАЛЪЭХЭР ЛЪЭЩЩ

"Черкес" цIэр сытхуэдизкIи пэмыщIхэм къытфIаща зы цIэуэ щытми Адыгэ лъэпкъыр къызэращIэ икIи къэралыгъуэ зэрыхъуагхар зыгъэлъагъуэ зы цIэщ. Къэралыгъуэ жыхуаIэр зы лъэпкым жылэ Iуэхур лъэпкъу зэрзыдихьым Iэпкъ лъэпкъ зэригъуэта щIыкIэщ. Къэралыгъуэ жыхуаIэр, зы къэралыгъуэр адрей къэралыгъуэхэм зы лъэпкъым зэр жылэуэ зэрзэгуэту и Iуэхур езбы зэрзыригъэкIуэр ялъытауэ, абы щIыхь зэрхуащIыныгъэращ. Адыгэ лъэпкъыр дуней къэралыгъуэхэм и лъэпкъ къэрур зэралыта псалъэхэр ЧЕРКЕСрэ ЧЕРКЕСИЯ псалъэхэращ. Ди Черкесиям пэмыщI, пэмыщI лъэпкърэ къэралыгъуэхэмрэ я нэхъыбэр езым зыфIащижа цIэрауэ щымыту ахэр лъэпкъыу зылъыта къэралыгъуэм я бзэхэмкIэщ. Адыгэр лъэпкъу зылъытэну дызыхуей зы къэралыгъуэ закъуэми ди АдыгэцIэкIэ дилъытэкъым. Адыгэ фIэщыгъэцIэкIэ уи лъэпкъ къэрур ягъэлъэтэнур тхыдэм зикI ухэмтауэ щIэрыщIэу тхыдэ тхыным хущIэкъуныгъэ пщIыхьщ. Дэ Черкес фIэщыгъэкIэ къыдахахэр ипIэ тщIижын IуэхукIэ ди къэрур хегъащ мыбы. ДибзэкIэ шэч хэмылъу ды Адыгэщ. Адрей къэралыгъуэхэм я пащхьэм къыдахар гурыIуэгъуэ щытщэижым, ипэ щидгъувэжым дей ди лъэпкъ къэрум зэреджахэ ЧЕРКЕСрэ, ЧеркесиямрэкIэ ди Iуэхур нэхъ дэхыгъуафIэ тхуэхъунущ. Абы щхьэ ЧЕРКЕСрэ,ЧЕРКЕСИЯ цIэхэм и къэрур тгъэбзэу, лъэщу къыжытIэн хуейщ.










~~ADIGECE~~ ~~KAFKAS~~ ~~ÇERKES=HERKES~~ ~~KAFFED~~

ÇERKESCE ÇERKES ÇERKES=АДЫГЭ ÇERKESYA HALKLARI FEDERASYONU

~~KAFKASYA~~ ~~KAFKAS DERNEĞİ~~

ÇERKESYA

ÇERKES DERNEĞİ

ÇERKESYA HALKLARI DERNEĞİ

Зы Хэку
Зы Лъэпкъ
Зы Хабзэ
ЧЕРКЕС
ЧЕРКЕСИЯ
ЧЕРКЕС
ЧЕРКЕСИЯ

Адыгэ,
Къыпхуагъэфэщамрэ
къыпхуагъэфащэмрэ
уэ уи фащэкъым!!!
Зыщыдз а фащэхэр!!!
Уэ пхуэфащэ фащэр
зыщытlагъэж!!!
Ey Çerkes,
Sana başkalarının
yakışık gördüğü sana
yakışmıyor!!!
Çıkar at, sana
yakışmayanı!!!
Kendine yakışanı giy
artık!!!







## Маржэ си лъэпкъ дыщэ!

**Шапсыгъри,
Къэбэрдейри,
Беслэнейри адрейхэри
Іэпхъуамбэщ. "Адыгэр"
ІэштІым уэзгъэщІ гущи
ЧЕРКЕСри ІэштІымщ.**



ЧЕРКЕС
ЧЕРКЕСИЯ



# Шапсыгъри, Къабэрдейри, Беслэнейри адрейхэри Iэпхъуамбэщ. "Адыгэр" IэштIым уэзгъэщI гущи ЧЕРКЕСри IэштIымщ.

01.03.2019

Adıge Xabze, Adıge Xabzenin yörüngesinde olana uygulanır.
Adıge Xabzenin yanından bile geçmeyene Adıge Xabze uygulanmaz ve ona Adıge Xabze konusunda söz hakkı verilip ona Adıge Xabze dejenere ettirilmez.
Адыгэ Хабзэр зыхузрахьэр Адыгэ Хабзэр зфIэIуэхуращ.
Адыгэ Хабзэр къизмыдзэм е Адыгэу и лъэпкъ лей хузезыхьэм е Адыгэ Iуэхур пэмыщI Iуэхухэм иужь къизынэм Адыгэ Хабзэ хузэрахьэурэ Адыгэ Хабзэр пыуд ирагъэщIыркъым.

© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир


ХЭХЭСЫМ КЪЫДАЩІЭР!!!
ЧЕРКЕСИЯ
Къафкъас
ЛІы пшэрыр хэтхэрами фощІэр...

**ФӀыр дэпкъузэм мамырыгъэр мэбзых,**
**фӀыр быгъэгушхуэм мамырыгъэм зыкъырех.**
**Адыгэри Адыгэ хабзэри фӀыщ.**
**Адыгагъэмрэ Адыгэмрэ заужьижмэ Черкесиям мамырыгъэр и фащэ хъунущ.**

**Мартини, Мухьэмэди, Тарыки лейкъым зэрахуэр...**
**Мамырыгъэщ дызыхуэныкъуэр.**
**ФӀым фытемгушхуэ!**
**ФӀыр фгъэгушхуэ!**
**Хэти мы ди цӀыхухэм ярытелъхьэ фахухъу.**



Адыгэр Дуней утыкум Черкесущ къызэращ1эр, мыбы къэруушхуэ бгъэдэлъщи зэр дэдейр 1эпэдэгъэлэл тщ1ымэ Адыгэ 1уэхур т1эщ1игъэхунущ.
Адыгэ=Черкес

**Шапсыгъри,**
**Къэбэрдейри,**
**Беслэнейри**
**адрейхэри**
**Iэпхъуамбэщ.**
**"Адыгэр" IэштIым**
**уэзгъэщI гущи**
**ЧЕРКЕСри IэштIымщ.**




Iэщэкъым дэ Адыгэр дызыхуейри,
дызэджэри. Дэ дызыхуейр
ХУЭФАЩЭращ. Ари дыгъуасэм нэс
тхъумам нобэ псэ игъуэтижынращ.






**Зы Хэку**
**Зы Лъэпкъ**
**Зы Хабзэ**
**Дунейм Къыззэращlэу:**
**ЧЕРКЕС**
**ЧЕРКЕСИЯ**

ЧЕРКЕС=АДЫГЭ











**Гур зыдырикIуэр гупщысэщи щхьэр зыдырикIуэр шыпсэщ. Гур зылъэIэсыр пэжщи, щхьэм уздынихьэсыр щхьэусыгъуэщ.**

© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир

Адыгэ дэтхэнэми Адыгэ Iуэхум пэжу дыфIабзыщIыр зэрыхуэлъэкIкIэ къырихьэлIэн хуейщ. Лъэщ дызэрыхъунури, Iущ дызэрыхъунури, зы дызэрыхъуижынури пэжхэращ.

ТХЬЭ

МАРГЪУЩ

© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир

# Пэжыр зигъуэззэращ (зыгъапэращ) зыгъэпэжыр (ехъулІэжар).



Узрэ лажьэрэ къыдныремыс жоуэ къабзагъэм дыпылъу ди унэхэм тщис мы махуэхэр Адыгэ Іуэхур гу къабзэкІэ етхьэкІын папщІэ дигухэр ди Іуэхум щхьэ иттхьэщІыкІын папщІэ дыгъэсэбэпыфынщ.
ТІанэ ди пкъымрэ ди гумрэ къабзабзэу гъащІэ гъуэгум Адыгэм хуэфащэу ттехьэжа хъунщ.

Тхьэм къытхуигъэфэща ди хэкур дэ хуэфащэ тхъуижу, пэжыр ди гъуазэ тщIымэ хыр зэгуэкIынурэ дызэпхырыкIынурэ дэдейиж хъужынущ... Хыр кIыфIыраци пэжри кIыфIыр зэгуэзытхъу зыгъэкIуэд гъуазэщ... Фымбэлэрыгъ фи пэжымкIэ Адыгэ!!!




Сурэтыр линкым къисхащ:
https://m.facebook.com/story.php?story_fbid=10157662811387912&id=626072911

У Адыгэу ЧЕРКЕСрэ, ЧЕРКЕСИЯмрэ я политик къэрум укIэрыкIыу дунейм укъызэрамщIэн хуэдэурэ утыку уитымэ апщыгъуэ уэ къыуащIар уэ бобзыщIижри Адыгэ лъэпкъыр ислъэщIыкIын зи гугъэхэм уарителъхьэщ!!!

--ЧЕРКЕС--ЧЕРКЕСИЯ---Зы Бзэ-Зы Хэку--Зы Хабзэ--

ТХЬЭ
МАРГЪУЩ
© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир

"Урыс–Кавказ Зауэ"
е
"Кавказ Зауэ" жыIэныр захуэкъым.
И захуэр "Урыс–Адыгэ(Черкес) Зауэ"щ
икIи мыр Адыгэм(Черкесым) къыращIылIа
геноцидщ
икIи
Черкесиям и хуитыныгъэ зауэщ.



%95i Çerkesyalı olan ve bunun %95i Çerkes(Адыгэ) olan bir kitleye Kafkas kimliği dayatmak soykırıma ortak olup soykırımdan nemalanmaktır.

Адыгэр(Черкесыр) "Кавказ/къафкъас" щIыныр геноцидым и телъхьэ хъуныгъэщ.

Ignoring Circassian and Circassia reality and calling them "Caucassian" means supporting genoside.





**Map of Circassia and Circassian Flag**
**Çerkesya Haritası ve Çerkesya Bayrağı**
**Адыгэ Хэку Черкесиямрэ Черкесия Ныпымрэ**

**It is not**
**"Russian Caucassian War"**
**or**
**it is not "Caucassian War".**
**It is**
**"Russian Circassian War"**
**and it is clearly**
**"Circassian Genoside" .**



**"Урыс-Кавказ Зауэ"**
**е**
**"Кавказ Зауэ" жыIэныр захуэкъым.**
**И захуэр "Урыс-Адыгэ(Черкес) Зауэ"щ**
**икIи мыр Адыгэм(Черкесым) къыращIылIа**
**геноцидщ**
**икIи**
**Черкесиям и хуитыныгъэ зауэщ.**



**Gerçek "Rus-Kafkas Savaşı"**
**veya**
**"Kafkas Savaşı" değil.**
**Gerçek**
**"Rus-Çerkes Savaşı" dır**
**ve de**
**"Çerkes Soykırımı"yla**
**Çerkesya'nın gasp edilmiş olmasıdır.**



**Постановление Исполкома Международной Черкесской Ассоциации**
**19. 02. 2011 г.**
**г. Нальчик**

## О самоназвании и иноназвании черкесского народа

**Заслушав и обсудив выступление Богус А.Ш., Исполком МЧА Разъясняет:**

**Этническое самосознание и основной пласт традиционной культуры убыхов, шапсугов, адыгейцев, черкесов, кабардинцев, других этнографических групп черкесов, проживающих в Российской Федерации и других странах, являются общими. Все эти группы на родном (черкесском) языке имеют единое самоназвание «адыгэ».**

**Представителей многочисленной черкесской диаспоры, проживающих за пределами РФ, к какой – бы этнографической группе черкесов они не относились на английском, арабском, турецком, французском и других языках называют «черкесами».**

**По заключению от 25. 05. 2010 г. Института этнологии и антропологии им. Н.Н. Миклухо-Маклая Российской академии наук убыхов, шапсугов, адыгейцев, черкесов, кабардинцев «можно считать субэтносами одного-черкесского (адыгского) народа».**

**Письменность на черкесском языке существует на адыгейском наречии (используют адыгейцы, шапсуги); и на кабардино-черкесском наречии (используют бесленеевцы, кабардинцы, черкесы и др.). Существует проблема перехода на единый литературный язык. В соответствии с уставом МЧА, официальными языками МЧА являются русский, черкесский, английский (п.1.9 устава).**

**Кроме того, к основным целям и задачам МЧА относятся:**

**- объединение усилий и координация деятельности черкесских общественных объединений – членов МЧА, содействующих возрождению и развитию культурного и духовного наследия черкесского народа, сохранению его национальной самобытности, восстановлению подлинной истории черкесов (п.2.1. устава);**

**- содействие изучению родного языка, созданию единого черкесского литературного языка (п.2.2 устава)**

**Международная Черкесская Ассоциация считает:**

**- все этнографические группы черкесов (адыгов), независимо от территории (государства) проживания, составляют единый черкесский народ;**

**- правильным названием черкесов (адыгов) на русском, английском, арабском, турецком, французском и других языках является «черкесы».**

**Результат голосования: 22 присутствуют**

**за – 20 голосов**
**против – 1 голос (Губачиков В.И.)**
**воздержался – 1 голос (Хафицэ М.М)**
**Постановление принято.**

**Президент Международной Черкесской Ассоциации**
**К. Ажахов**

РОССИЙСКАЯ АКАДЕМИЯ НАУК

Учреждение Российской академии наук

ИНСТИТУТ ЭТНОЛОГИИ И АНТРОПОЛОГИИ им. Н.Н. Миклухо-Маклая

119991, Москва, Ленинский пр-т, 32 А
Тел.: 938-17-93 Факс: 938-06-00
Эл.почта: info@iea.ras.ru
ОКПО 02698950, ОГРН 1037739351473
ИНН/КПП 7736029636/773601001

25.05.2010 № 14110/1182 – 158

на № ____________ от ____________

Утверждаю:
Заместитель директора
доктор исторических наук
В.Ю. Зорин
«15» мая 2010г.

Этноним **Черкес** и топоним **Черкесия** как обозначения народа и его страны на Северо-Западном Кавказе появляются в армянских, грузинских, арабских, персидских, тюркских и др. исторических источниках с XIII в., вытесняя предшествующую этнонимическую номенклатуру – керкеты, зихи, джики, кашаги, касы, касоги, джаркасы и др. Этноним Черкес стал общеупотребительным в европейских и русских источниках XV-XIXв.в.

В то же время местное население неизменно называло себя **адыгэ**, хотя значение имели видимо, локальные наименования, с которыми идентифицировали себя отдельные этнополитические образования – натухай, абадзех, жанэ, кабардэй и др. Тем не менее, несмотря на определенные различия социального, культурного, языкового характера, с историко-этнографической точки зрения, это единый черкесский (адыгский) народ.

Исторические коллизии XIX – XX в.в., связанные с бедствиями Кавказской войны, насильственным выселением значительной части черкесов в Османскую империю, административные преобразования, осуществленные царским правительством, а затем органами советской власти РСФСР и СССР, привели к образованию в Российской Федерации четырех территориально разделенных массивов **черкесского народа**, за которыми закрепились различные этнографические обозначения – шапсуги, адыгейцы, черкесы, кабардинцы.

Сравнительно недавнее (по историческим меркам) территориальное разобщение не привело к утрате в народе исторической памяти о генетической и культурной общности между этими группами. Современные исследования показывают, что этническое самосознание и основной пласт традиционной культуры у шапсугов, адыгейцев, черкесов и кабардинцев являются общими. Это свидетельствует о том, что названные группы можно считать субэтносами одного – черкесского (адыгского) народа.

Что касается убыхов, то этот народ, проживавший до середины XIX в. в верховьях рр.Сочи и Шахе, почти полностью выселен в Османскую империю. По сохранившимся письменным историческим свидетельствам убыхи сами себя называли б'ёхъ, хотя и в данном случае источниками зафиксировано лишь локальное наименование этой этнической группы.

Нынешние немногочисленные потомки убыхов, или те, кто считает себя таковыми (их зафиксировала перепись 2002г. в РФ), являются носителями общечеркесского самосознания, разделяют черкесские (адыгские) культурные традиции, идентифицируют себя с основным массивом современного черкесского (адыгского) народа.

**Заведующий отделом Кавказа ИЭА РАН,**
**чл.-корр. РАН, доктор исторических наук,**
**профессор**

С. Арутюнов

С.А. Арутюнов

Подлинник верен
Арутюнова С.А.
26.05.2010




# Умжей Адыгэ!
# Ухэмжайэ!

Патриоты молодежь Карачаево-Балкарского (Аланского) народа...
Еще не умер аланский наш народ!
Kuzey Kafkasya'da ki Karaçay-Balkar gençliği 2019 Rusya Federasyonu nüfus sayımında, milliyet adlarının Karaçay ve Balkarlı olarak ikiye bölünmüşlüğü sonlandırmak adına bir kampanya başlattılar.
Tek millet ve tek millet adı ile nüfus sayımına dahil olunması ve milet adı olarak 'ALAN" adının yazılmasını istiyorlar.
Bu da kampanya videosu.
Türkçe alt yazılıdır.






**Пэжыр зэфIомгъувэмэ**
**узпкъырауд.**
**Уи пэжыр**
**ЧЕРКЕСИЯмрэ**
**ЧЕРКЕСымрэщ.**
**Ар зигу темыхуэм я**
**гугъэр узпкъырухууэ**
**Iэхьэ уахуэхъунращ.**

© Marguş Vezir
© Маргъущ Везир

У Адыгэу ЧЕРКЕСрэ, ЧЕРКЕСИЯмрэ я политик къэрум укIэрыкIыу дунейм укъызэрамщIэн хуэдэурэ утыку уитымэ апщыгъуэ уэ къыуащIар уэ бобзыщIижри Адыгэ лъэпкъыр ислъэщIыкIын зи гугъэхэм уарителъхьэщ!!!
--ЧЕРКЕС--ЧЕРКЕСИЯ---Зы Бзэ-Зы Хэку--Зы Хабзэ--

**Шапсыгъри, Къабэрдейри, Беслэнейри адрейхэри Iэпхъуамбэщ. "Адыгэр" IэштIым уэзгъэщI гущи ЧЕРКЕСри IэштIымщ.**










# ЧЕРКЕС
# ЧЕРКЕСИЯ




...КIЭЩI КIЭЩIЫУ.....
2021'м екIуэкIыну щыт Переписьым ЧЕРКЕС(АДЫГЭ)уэ зегъэлъытэн хуейщ.

РФ къэралыгъуэр мыбы къыпэувкъым. Зы фIэщыгъэцIэкIэ дызэрыубыдыжыну Iэмал дэгъуэ къэралым къыдитащи мы Iэмалыр гъэсэбэпын хуейщ.

Адыгэр дунэйпсом къызэращIэр ЧЕРКЕСщ.
Адыгэ хэкур къызэращIэ цIэр ЧЕРКЕСИЯщ.

ЗыкъэтщIэжын щхьэ дыкъызэращIэ цIэм гъащIэ еттижын хуейщ.

Хэхэсыр КАВКАЗ цIэкIэ ягъэхьэулейри мыбы кIэ зэригъуэтынур Хэкурысхэм ЧЕРКЭС цIэкIэ языгуэхьэжынращ.

Адыгэм ейр Адыгэм традмыгъэхын щхьэ ды Черкесу утыку дитын хуейщ.

Пэжыр зэфIомгъувэмэ узпкъырауд. Ди пэжыр ЧЕРКЕСИЯмрэ ЧЕРКЕСымрэщ. Ар зигу темыхуэм я гугъэр дызпкъырухууэ Iэхьэ дахуэхъунращ зыщомгъэгъупщэ.

ЦIыхур Iурихьмэ шхыIэн трапхъуэ, лъэпкъыр Iурихьмэ ятIэ тратхъуэржи иIауэ хъуари щIэхыу зрапхъуэр. Абы щхьэ Черкес, абы щхьэ Черкесия жытIэн хуейщ.

МВ






ЧЕРКЕС цӀэр хыфӀырагъэдзащи щызырадзэ хэхэсым Адыгэ Ӏуэхур.
Е кавказ цӀэр фыӀыгъ е Черкесым адрей лъэпкъхэри хэдывгъабжэ жаӀэр. Жызыӏэри Адыгэщ. Я гугъэри Адыгэм ейр зезыпхъуэхэм телъхьэ яхуэхъунращ.
Къыдэху ныдэхухэмкӏэ я ныбэ из щӀынращ.

ЧЕРКЕС жытӀэху зи шейтӀан къызтехьа Адыгэ напцӀэхэр Адыгэ лъапсэ гъэгъум и нобэрей телъхьэхэщ.

Фызыгуэудынуми ЧЕРКЕСыр Адыгэ закъуэращ, ЧЕРКЕСИЯри Адыгэм ди хэкущ.
Адыгэм и къэрури фэдгъэгъэхьэулейынукъым.

Адыгэм езым ейр къищтэжынущ.
Пэжыр зэӀусэр къоушыри къэушари шыпсэкӀэ ягъэжейи жыфыркъым.

МВ.



"Ды ЧЕРКЕСщ!" щыжытlам, ухынущ я къэрур!!!




Хэкурысым къыращӀар!
ЧЕРКЕСИЯ
Адыгея-КБР-КЧР-Шапсугский
ЛӀы пшэрыр хэтхэрами фощӀэр...